

ENFÒMASYON POU LOKATÈ YO



IndianaHousingNow.org

PWOGAM ASISTANS IJANS POU LWAYE INDIANA (IERA2)

Pwogram Indiana Emergency Rental Assistance lan (IERA2), ki te kòmanse resevwa aplikasyon nan Mas 2023, sipòte fanmi ki nan lwaye ki t ap andire pwoblèm lajan pandan pandemi an, lè l ofri yo asistans nan lwaye ak sèvis piblik yo.

IERA2 ka bay fanmi ki kalifye yo avantaj sa yo:

- Yon asistans nan peman lwaye ki gen ladan aryere (lwaye pase ki dwe) epi twa mwa sou pwochen lwaye (pwochen lwaye).
- Sa ka rive pou yo fè yon dezyèm peman ki gen ladan aryere sou lwaye ak lwaye ki ap gen pou vini yo si fanmi ou an patisipe nan seyans konsèy sou establiite famiyal INCAA epi amelyore nòt fanmi w rive nan nivo “endepandan” oswa pi byen nan nenpòt nan douz domèn priyorite yo.
- TMontan total premye peman an ap depann de konbyen mwa lwaye ki pase deja ke fanmi ou an dwe. Si fanmi ou an pa dwe sou lwaye, premye peman an ap pral gen ladan twa mwa peman lwaye ki gen pou vini.
- IIERA2 ofri chak fanmi ki kalifye yon peman. Yon dezyèm peman depann de patisipasyon fanmi ou an nan seyans kosèy sou establiite famiyal ak kantite mwa asistans ki rete.
- Okenn nan fanmi ki nan lwaye pa kapab resevwa plis pase de peman IERA2.
- Pa gen renouvèlman kalifikasyon nan IERA2.
- Okenn fanmi pa kapab resevwa plis pase 18 mwa asistans nan okenn konbinezon pwogram ERA yo. Sa genyen ladan pwogram nan Konte Elkhart, Hamilton, Marion, Lake, St. Joseph, ak Vil Fort Wayne.

Yon fanmi lokatè ta dwe konnen:

- Yo ka bay fanmi ou an jiska 18 mwa asistans nan lwaye ak sèvis piblik yo. Sa a gen ladan aryere sou lwaye, lwaye ki gen pou vini yo, ansanm ak frè ki rezonab sou reta yo.
- IERA2 pral peye pi piti nan montan lwaye ki deklare nan kontra lwaye a nan limit lwaye IERA2 pibliye a.

Kantite Chanm	Lwaye Mansyèl Otorize	18 Mwa Maksimòm Asistans Lwaye
Efikasite	\$899	\$16,182
Yon chanm	\$957	\$17,226
De Chanm	\$1,124	\$20,232
Twa Chanm	\$1,573	\$28,314
Kat Chanm	\$1,864	\$33,552

IndianaHousingNow.org



Indiana Housing & Community Development Authority

Otorite Indiana pou Lojman ak Devlopman Kominotè (Indiana Housing & Community Development Authority)



IndianaHousingNow.org

Nou ankouraje epi sipòte pwogram lojman afimatif nasyon an, kote pa gen okenn obstak pou jwenn lojman akòz ras, koulè, relijyon, sèks, nasyonalite, andikap, oswa kondisyon famiyal. Pwojè sa a jwenn sipò, totalaman oswa pasyèlman, nan nimewo prim federal ERA0021 Depatman Trezò Etazini bay Eta Indiana.

Last updated November, 2023

ENFÒMASYON POU LOKATÈ YO

PWOGRAM ASISTANS IJANS POU LWAYE INDIANA (IERA2)

- Si ou deja resevwa asistans federal pou lwaye (egzanp, ou genyen yon Housing Choice Voucher, w ap viv nan yon lokal Project Based Rental Assistance, w ap viv nan Lojman Piblik, elatriye.) IERA2 kapab asiste w nan pati fanmi w lan (pati lokatè a) nan lwaye a.
- Peman pou fanmi ki nan lwaye ki kalifye yo pral fèt bay pwopriyetè ki ap patisipe yo.
- Si pwopriyetè ou an pa yon pwopriyetè k ap patisipe, fanmi ou an ka toujou resevwa yon avantaj.
- Fanmi ou an responsab pou peye nenpòt lwaye, frè pou reta, oswa depans adisyonèl ke IERA2 pa pran sou responsabilite l.
- Y ap peye yon alokasyon chak mwa ki koresponn a asistans pou mwa lwaye yo pou kouvri frè sèvis piblik yo ak enèji pou kay. Tablo ki pi ba a presize montan alokasyon pou chak sèvis piblik.

	0 Chanm	1 Chanm	2 Chanm	3 Chanm	4 Chanm	5 Chanm
Chofaj - Gaz Natirèl	24	32	43	52	66	75
Chofaj - Elektrik	55	78	102	123	152	170
Chofaj - Enèji pou Kay	58	77	103	128	166	178
Elektrik - Lòt apre Chofaj	49	57	65	73	83	91
Dlo	29	36	46	56	70	88
Egou	54	54	62	71	86	109

- Y ap peye asistans sèvis piblik ak/oswa enèji pou kay dirèkteman bay founisè sèvis piblik la. Founisè sèvis piblik yo dwe patisipe nan IERA2 a pou yo ka peye avantaj pou sèvis piblik la. Yo ap sèlman peye pou sèvis piblik yo pandan premye peman IERA2 a.
- Fanmi ou an responsab pou peye nenpòt sèvis piblik oswa obligasyon enèji pou kay ki pa peye, sa genyen ladan frè pou dekonekte ak rekonekte yo, depo garanti yo, oswa frè koleksyon.
- Yo kapab pa bay asistans pou montan sèvis piblik ak/oswa enèji pou kay ki kontra lwaye a.
- Yon lèt avantaj ki soti nan WIC, TANF, SNAP, HIP, SSI, LIHEAP oswa yon prèv ki soti nan Public Housing Authority (Otorite Lojman Piblik) ki montre ou te resevwa yon Housing Choice Voucher oswa ap viv nan yon Public Housing Unit (Inite Lojman Piblik) kapab akselere revizyon aplikasyon ou an.
- H Konte Hamilton ak Marion jere pwòp pwogram ERA pa yo. Si w ap viv nan Konte Hamilton, tanpri kontakte Administratè Minisipal lokal ou a. Si w ap viv nan Konte Marion, pou kounye a IndyRent fèmen. Tanpri ale nan indy.gov/activity/eviction-prevention-initiatives pou jwenn plis resous.

Pou patisipe nan pwogram nan, ou ta dwe:

- Rele nan 2-1-1 soti Lendi rive Vandredi soti 8:00A.M. rive 6:00P.M. pou jwenn èd pou kreye pwofil ou ak pou konplete pati kesyon ak repons ki nan aplikasyon an.
- Rele nan 2-1-1 Lendi rive Vandredi soti 8:00A.M. rive 6:00P.M. pou jwenn èd pou idantifye founisè INCAA ki kapab ede w pou kreye pwofil ou, konplete pati kesyon ak repons ki nan aplikasyon an, ansanm ak fòmilè koleksyon dokiman an.
- Rele nan 2-1-1 Lendi rive Vandredi soti 8:00A.M. rive 6:00P.M. oswa ale sou www.incap.org/indiana-housing-stability-program pou jwenn yon founisè pou konsèy sou establiite famiyal.
- Pale avèk pwopriyetè ou a epi fè li konnen ou gen entansyon aplike oswa ou te aplike pou jwenn asistans.
- Si ou genyen kesyon, rele nan (317)800-6000 oswa voye imel nan iera@ihcda.in.gov.

IndianaHousingNow.org



Otorite Indiana pou Lojman ak Devlopman Kominotè (Indiana Housing & Community Development Authority)



IndianaHousingNow.org

Nou ankouraje epi sipòte pwogram lojman afimatif nasyon an, kote pa gen okenn obstak pou jwenn lojman akòz ras, koulè, relijyon, sèks, nasyonalite, andikap, oswa kondisyon famiyal. Pwojè sa a jwenn sipò, totalaman oswa pasyèlman, nan nimewo prim federal ERA0021 Depatman Trezò Etazini bay Eta Indiana.

Dènye mizajou Novanm 2023